



Pou Piblikasyon Imedya: 26/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN PWOJÈ AMELYORASYON  
ENFRASTRIKTI KI KOUTE 21.3 MILYON DOLA SOU THRUWAY LA NAN KONTE  
ULSTER AK GREENE**

***Pwojè a gen ladan reparasyon ak rekonstriksyon sifas chose a an pwofondè ki ta  
dwe fini nan otòn 2024***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman yon pwojè amelyorasyon enfrastrikti ki koute 21.3 milyon dola sou Thruway (I-87) nan Konte Ulster ak Greene. Pwojè a gen ladan reparasyon konplè ak pasyèl an pwofondè, ansanm ak rekonstriksyon sifas chose a sou yon seksyon 25 km I-87 la pa rapò ak poto kilometrik 93.8 lan rive nan pot kilometrik 109.3 a ant soti 19 (Kingston - NY Route 28 – Pon Kingston-Rhinecliff) ak soti 20 (Saugerties - Woodstock - NY Route 32). Apeprè 40,000 otomobilis itilize ti bout I-87 sa a nan toude direksyon yo chak jou.

"New York kontinye fè investisman istorik nan enfrastrikti nou an pou ranfòse sekirite, dirabilite ak dire lavi sistèm transpò nou an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sa a se youn nan plizyè douzèn pwojè sou Thruway ak sou wout eta a ki pral fè amelyorasyon enpòtan nan sistèm nou an pou jenerasyon k ap vini yo."

Pwojè a enplike reparasyon chose konplè ak pasyèl an pwofondè nan sèvi avèk asfalt, ansanm ak rekonstriksyon akotman nan kote izole yo. Ekipaj yo pral retire epi ranplase pòsyon ki pi deteryore nan chose a jiska soubaz li nan direksyon nò ak direksyon sid. Travay sa a pral amelyore entegrite estriktirèl wout ki egziste deja a. Ekipaj yo pral abòde zòn ki mwens degrade yo nan chose a lè yo sèvi avèk reparasyon pasyèl an pwofondè lè yo retire sèlman kouch asfalt ki egziste deja a epi enstale yon nouvo kouch asfalt ki gen de pati. Reparasyon sa yo gen entansyon pwolonje dire sèvis chose a.

Aprè reparasyon total ak pasyèl an pwofondè yo, yo pral fè yon frezaj ak enkristasyon nan zòn pakin ki sitiye nan poto kilometrik 103.1, zòn gaz yo nan Zòn Sèvis Malden ansanm ak ranp pou monte ak desann, ki gen ladan akotman, nan soti 20. Travay adisyonèl la gen ladan demenajman yon demi tou nan poto kilometrik 98.0 ak amelyorasyon sekirite tankou enstale nouvo ray gid, nouvo liy refleksyon, ak amelyorasyon nan drenaj ak ponso yo.

**Direktè Egzekitif Pwovizwa Otorite Thruway la, Frank G. Hoare, Esq. te deklare,** "Otorite Thruway la ap envesti nan pwojè enfrastrikti enpòtan pou amelyore sekirite ak pwolonje dire lavi wout la, pou kenbe Thruway la kòm youn nan otowout ki pi an sekirite nan nasyon an. Lajan peyaj yo tounen envesti nan sistèm Thruway ak nan Pwogram Kapital nou an, pou ranfòse sekirite epi amelyore eksperyans kondwi pou otomobilis yo."

**Senatè Eta Michelle Hinchey te deklare,** "Asire Thruway nou an san danje ak fyab fè yon gwo diferans pou plizyè milye moun k ap kondwi sou li chak jou. Amelyorasyon I-87 sa yo pral yon chanjman patikilye nan kalite lavi pou rezidan Greene ak Ulster ki toupre yo, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Direktè Egzekitif Enterimè Otorite Thruway, Hoare, paske yo fè avanse reparasyon sa yo, ki pral reyalize pa mwayen vwayaj ki pi fasil pou nou tout."

**Manm Asanble Chris Tague, te deklare,** "Mwen rekonesan dèske gouvènè a te rejwenn nou pou kòmanse devlopman pwojè amelyorasyon enfrastrikti sa a, ki pral sètènman benefisye tout chofè k ap pase nan Konte Ulster ak Greene. Wout entèkonekte nou yo vin pi enpòtan ak chak jou ki pase, kidonk li enpòtan pou yo byen konsève, kote se egzakteman sa 21.3 milyon dola yo pral fè. Mwen vle felisite tout moun ki te ede nou rive nan pwèn sa a, epi remèsye gouvènè a yon lòt fwa ankò pou patenarya li sou pwojè sa a."

**Manm Asanble Sarahana Shrestha, te deklare,** "Envestisman enfrastrikti 21.3 milyon dola sa a pral fè amelyorasyon sekirite ak entegrite estriktirèl sou yon ti bout I-87 ki pase nan distri Asanble nou an. Prèske 40,000 otomobilis itilize pati sa a nan wout la chak jou, epi mwen espere fini pwojè sa a pita nan ane sa a."

Callanan Industries, Inc. of Albany, NY se kontraktè pwojè a apre yon pwosesis òf konpetitif. Yo prevwa pwojè konplè a ta dwe fini nan otòn 2024.

Chofè veyikil amotè yo gendwa jwenn gen liy ki fèmèn sou otowout lan ansanm ak chanjman nan mouvman sikilasyon an ak andwa kote machin yo dwe ret kanpe pandan travay konstriksyon yo ap fèt. Tout travay la depann de si ap fè bontan epi kapab gen chanjman.

Chofè veyikil amotè yo ta dwe rete veyatif epi respekte limit vitès ki afiche nan zòn travo yo. Kontravansyon yo double lè gen eksè vitès nan yon zòn travay.

Pou plis amelyore sekirite travayè yo nan yon zòn travay, Gouvènè Hochul te siyen lejislasyon ki etabli pwogram pilòt Otomatik pou Kontwòl Vitès Zòn Travay la. Pwogram ranfòsman sekirite a te kòmanse an avril 2023 epi li ap an vigè nan plizyè zòn konstriksyon aktif sou Thruway la. Zòn travay avèk ranfòsman sou kamera vitès yo pral gen siyal klè ki mennen nan zòn travay la. Yo pral peye bay amann pou otomobilis ki vyole limit vitès ki afiche nan zòn travay la. Y ap voye pa lapòs amann pou vyolasyon yo bay pwopriyete veyikil ki anrejistre a. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram nan [isit la](#).

Bidjè 2024 Otorite a envesti yon total 451 milyon dola pou sipòte Pwogram Kapital li a, ki ta dwe envesti 2.4 milya dola nan pwojè kapital pandan senk ane k ap vini yo—yon ogmantasyon 500 milyon dola apre ajisteman nan peyaj ki te adopte tou dènyèm an. Ogmantasyon investisman an pral mennen nan travay sou apeprè mwaye nan plis pase 4,500 km vwa Thruway yo ansanm ak pwojè sou apeprè 90 nan 817 pon Thruway yo.

Pou enfòmasyon mizajou sou sikilasyon yo, nou ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li a ki disponib pou telechaje gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk nan tan reyèl ak asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Epitou, vwayajè yo ka vizite [Kat Vwayaj](#) Otorite Thruway a ki anime e ki ofri aksè pou wè kamera sikilasyon yo nan tan reyèl. Otomobilis yo ka enskri tou pou yo resevwa [imèl TRANSalert](#) k ap bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway a.

###

Lèt nouwèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)